

Yon Vi

Ranpli



Yon Ví

Ranpli

Yon Ministe Diferan



ÉGLISE DU
NAZARÉEN

MÉSO-AMÉRIQUE

Men, pou granmoun, se cheve blan l' yo ki fè valè l'.

Pwovèb 20:29

Moutre m kijan pou m vyeyi.

(Pa gen Non pou otè a)

Konvenk mwen pou m konnen ke se pa enjistis yo fè mwen

Lè ke yo pa banm responsab,

Lè ke yo pa mande mwen opinyon mwen,

Lè yo rele lòt moun pou okipe plas mwen.

Retire lògèy de eksperyans pase mwen an,

retire santiman ki fè mwen kwè mwen endispansab

Ke nan dezespwa jan bagay yo prale a mwen wè sèlman lalwa tan

an e pou mwen konsidere ke sa soti nan travay yo

tankou yon manifestasyon enteresan nan lavi a

ki revele anba tansyon pouvwa ou.

Men ede mwen, Senyè, pou mwen déjà itil a lòt,

yo ki kontribye nan optimis mwen nan lapriyè mwen nan lajwa epi kè kontan

pou moun sa yo ki pran responsablite a kounye a;

San mwen pa plenyen pou tan pase a ki ale,

pou m aksepte sòti tèt mwen nan chan aktive menm

jan ak solèy la ki aksepte pou li kouche natirèlman.

Pou fini, m'ap mande w pou padone mwen

si sèlman mwen tonbe nan kèk bagay

Konbyen bagay mwen te renmen!

Ede mwen gade ak rekonesans yon desten kè kontan ke ou te kenbe mwen
pou mwen prepare epi pandan premye moman vi mwen ou te oryante mwen.

Pou Kòmanse

Tout moun konnen ke lwa lavi a se fèt, grandi epi mouri. Yo di tou se fèt, devlope epi vyeyi. Pa gen èt imen ki inyore ke yon jou l'ap vyeyi. Men pou moun ki granmoun se pa yon bagay yo espere, men se pou yo yon reyalite. Pandan n'ap vyeyi nou konnen ke nou akonpli devwa lavi a, men se pa souvan nou prepare pou moun kap vini apre nou an pou li akonpli devwa li a.

Kèk moun lè yo ap granmoun yo konsève yon bon sante, a 70 lane ou plis kèk nan yo konn pwodiktif pou sosyete a epi yo pa depann ekonomikman de fanmi yo. Gen moun ki pa gen sante robis men ki gen anpil vitalite. Gen kèk lòt ki ranpòte pri nasyonal paske nan vyeyès yo yo kouri nan maraton.

Men, E sa yo ki ekonomikman, patolojikman epi sosyalman yo nan nesesite a? Estatistik yo bay nan lane 2014 yon pousantaj ki wo de moun ki touye tèt yo ke se te moun ki granmoun aje.

Si nou devan kalite pwoblèm sa, nou paka fèmen je nou epi rete ap asiste sila sa yo ki ap viv nan etap san anvi a. Legliz Nazareyen konsyan de tout nesesite sa yo, epi pou chak gwoup ras, sosyal, kronolojik, moral, epi matrimonyal kreye pwogram pou ede yo epi kondwi yo nan fen vwayaj la.

Jounen Jodi a nou okipe granmoun yo epi nou konsyan menm jan Dr. Helmer Juarez, (Koòdinatè ministè konpasyon, pou Rejyon MAC) di li “Kèk moun ki granmoun gen yon kay ak manje, men an reyalite yo pa gen yon vi nòmal e espesifik ak vi yo ta dwe genyen. Gen anpil eksperyans nan yo ki pa apwouve”. Pou rezon sa nou mete nan men yo yon enstriksyon ki defini esans ministè sa.

Nou espere ke pandan nap itilize kreyativite li ak fason li itil legliz la, li kapab devlope yon bèl ministè nan mitan sila yo ke pou kèk moun yo konsidere tankou yon chaj pou sosyete a, men pou nou kretyen yo, yo se benediksyon epi yon opòtinite pou sèvis.

Annavan ! Ak ministè sa a epi pa bliye pou anseye yo a lòt yo pou yo fè menm jan pou yon ansyen, sonje ke chemen ke ou pran epi sa ke w'ap fè jodia, yon lòt ap fè li pou ou demen. Epi yon jou lè tout bagay fini, ou pral tande pawòl Jezi : Byen, bon fidèl sèvitè ; ou te fidèl nan ti bagay, m'ap konfye w plis toujou, antre nan lajwa Senyè a. Matye 25 :23

Annavan ! Ke Bondye Beni nou!
Luz Rodas

Tab Matyè

TÉM	PAJ
Yon Ministè Diferan 6
Objektif Ministè La Vi Ranpli A 7
Karakteristik Pou Laj Yo 8
Konnen Yon Ti Kras Plis De Granmoun Aje Yo 10
Òganizasyon Vi Ranpli A 13
Kòmanse Ministè A 15
Ti Kanè Oswa Ti Kaye Nòt 17
Evalyasyon 18
Kèk Rekòmandasyon 19
Planifikasyon Yon Reyinyon Pou Granmoun Aje Yo 20
Aktivite Posib Pou Reyalize 21
Apendis 25

Yon Ministè Diferan

Tout ministè yo genyen pwòp logo yo epi kounye a nou pral entwodwi ou logo sa ki avèk limenm nou pral ka idantifye ministè sa a.



Orijin li te vini pandan nan yon moman kote solèy t'ap leve epi nan fen jounen an li apwoche epi tou li rive konplè nèt. Nan moman sa piti piti aktivite a ap diminye epi moun ap cache yon kote pou repoze yo. Nou pa ka di ke solèy kouche se pi bon oswa pi move pati nan jounen an, li se sèlman yon pati enpòtan epi diferan nan jounen an.

Ministè sa a dirije kote moun ki nan tan retrèt yo. Laj la varye nan plizyè peyi. Yo rekonèt yo kòm moun twazyèm laj, granmoun aje, laj dò osinon ansyen pou sila yo ki pi aje. Nan ti livrè sa nou pral itilize tèm Granmoun aje yo.

Atravè ministè sa a, nou vle glorifye Bondye atravè konpasyon nou pou granmoun aje yo ak:

- * Èd Espirityèl
- * Konpreyansyon
- * Akonpayman
- * Èd Ekonomik
- * Èd Nan Lapèrèz
- * Swen Pastoral

MISYON

Misyon Vi Ranpli a se asiste granmoun aje yo epi gide yo nan Sali a, ba yo lanmou, sansiblite, patisipasyon epi ede yo viv verite bibliik yo ak la fwa yo jiskaske Senyè a rele yo nan prezans li.

Objektif Ministè La Vi Ranpli A

Espirityèl

1. Kenbe nan mitan granmoun aje yo konfyans ke Bondye renmen yo menm nan moman sa yo kote yo pa ka patisipe aktivman nan legliz la.
2. Ankouraje yo pou yo pa janm dekouraje nan priyè yo, ak konfyans ke Bondye ap reponn yo nan tan li fikse a.
3. Fasilite kwasans espirityèl yo.
4. Ede yo wè etap sa nan lavi a avèk rekonesans epi esperans, e ke se plan Bondye pou limanite
5. Prezante mesaj Sali a ak sila yo ki pa te ko konnen Jezikri
6. Prepare yo pou yo ale rankontre Jezi nan syèl la.
7. Ede yo nan relasyon famiyal yo.

Mantal

1. Ede yo pou yo vin nan kondisyon pou vin fè pati moun ki aktif nan legliz la
2. Gide granmoun aje yo ki vèf oubyen vèv yo pou yo konprann ke Bondye gen yon bi pou tout bagay e ke nou pa bezwen tris ni abandone , ni santi nou sèl.

Emosyonèl

1. Ankouraje yo pou yo fyè deske yo rive nan laj sa.
2. Asire yo pou yo gade, pwovizyon Bondye pou lavi yo nan ti bagay tankou vizite osinon ede yon moun.
3. Anseye yo pou yo viv pou yo pa depann sou fanmi yo, espesyalman lè pa gen bon jan relasyon antre yo.
4. Ankouraje yo pou yo ini nan gwoup granmoun ke legliz la fòme pou yo.
5. Gide yo pou yo itilize kèk talan yo te konn itilize nan tan jenès yo.

Fizik

1. Ansenye yo ke menm nan vyeyès yo yo kapab viv ak fòs.
2. Ede yo pou yo manje byen.
3. Ankouraje yo pou yo bay plis kalite ak vi yo nan laj sa, pou yo pran swen sante kò yo.

Sosyal

1. Kreye konpayon
2. Ede yo nan vi relasyon yo.
3. Akonpanye yo pou yo pa santi yo pou kont yo.

Karakteristik Pou Laj Yo

Nou konnen ke li deja santi li se granmoun aje lè:

- Li kòmanse renmen mizik ki jwe sou akòdeyon.
- Li chita sou yon ban sou yon plas piblik epi se yon jenn gason eskout ki vini epi ede li pou ranje pye li.
- Yon moun ofri li pou ede li travèse lari a.
- Pran swen jaden tounen pati ki pi enpòtan nan lavi li.
- Toujou ap chache nan radyo yon estasyon ki bay mizik swa.
- L'ap dòmi, la panse ak fanmi li ki kapab deja mouri.
- L'ap plenyen ke la vi a di anpil.
- Chèz li gen plis konfò epi plis privilèj pase yon machin.
- Li fatige lè l'ap desann mach eskalye.
- Li komanse priye li ak “Nan epòk”.
- Li Gade tout kote anvan li travèse yon salon.
- Li rive a yon konklizyon ke pi move ènmi li se gravite.
- Moun rele nan telefòn a 9:00 PM epi yo mande: “Mwen reveye ou?”
- Ale nan yon fèt nan yon kay ki gen jaden, epi se jaden an ki plis enterese li.
- Li rann li kont ke li pwomèt yon seri bagay ke kò li pa penmèt li reyalize.
- Sèchè k'ap travay nan restoran mande li “Kòman ou vle vyann ou a kwit? Epi li reponn: an ti moso”
- Jwèt timoun li se youn.
- Rad li te sere pou jouk li rive retounen alamòd, retounen alamòd.
- Li gen plis cheve nan nen ak nan zorèy li ke nan tèt li.
- Machin li a, ke li te achte tou nèf la, kounye se lè pou l voye l nan koleksyon machin.
- Li itilize chosèt nwa ak sapat.

Laj ke gwoup sa kòmanse fonksyone varye nan diferan peyi. Genyen kèk ki tonbe dakò ak tan pou pran retrèt nan sèvis travay. Men nou pral etabli karakteristik jeneral ki kapab varye nan kèk ane men l'ap fèt nan menm fòm nan ke li ta pita osinon pi bonè.

De 55 a 65 ane...

- Chaje responsablite nan kèk ka se pa mank de prezans mari a oswa madanm lan.
- Timoun yo kite kay la.
- Plis tan lib.
- Pwoblèm sante kòmanse parèt.
- Estabilite finansye oswa nesesite pou genyen li.
- Kenbe ak pwoblèm sante.
- Fè relasyon serye.
- Preparasyon mantal pou pran retrèt.
- Rechèch lwazi.
- Adapte ak viv san timoun yo epi pafwa mari a oswa madanm lan.
- Adapte ak estrès chanjman sa a.
- Kòmanse etap granparan an.
- Yo bezwen aksepte nesesite retrèt la (espesyalman si yo gen pwoblèm sante).
- Bezwen yon sekirite ekonomik.
- Bezwen pou gen yon vi apwopriye.
- Kouri dèyè solitud.
- Etabli relasyon avèk tout fanmi an.
- Etabli nouvo modèl vi pratik pou moman apre retrèt la.

De 66 lane e plis...

- Kò fizik la desann pi rapidman.
- Li kòmanse retire kò li nan aktivite travay.
- Eksperyans ak sajès, estabilite emotif, optimis, potansyèl espiyèl.
- Jerans nan finans, adapte ak nouvo wòl nan fanmi an, sosyete a ak nan relasyon avèk mari a oswa madanm lan.
- Jerans tan rekreyasyon an, konfwonte estrès, adapte ak viv poukont li a, swen sante, adaptasyon fanmi.
- Rechèch de kisa sa vle di.
- Nouvo kontak sosyal.
- Nouvo aktivite.
- Travay enpòtan ki baze sou reyalizasyon yo epi sou resous finansye yo .
- Tou depann de sante ak laj avanse ke li dwe prepare pou li aksepte.
- akonpayman si li bezwen sante pou maladi oswa famiyal.
- Pèt relasyon pèsònèl ki gen anpil valè.
- Aksepte viv pou kont li.
- Bezwen yon gid espiyèl devan nouvo pwoblèm yo.
- Bezwen konpay toutan epi bezwen santi li gen valè pou sa li te fè epi sa li pral fè.

Konnen Yon Tí Kras Plis Granmoun Aje Yo

Si w ta renmen genyen yon ministè efikas avèk granmoun aje yo nou dwe chache konnen yo epi konprann yo pi plis nan jan nou kapab. Plis nou antre nan mond yo a se plis nou ap ka akonpanye yo e se plis nou ap ka ede yo pi fasil nan etap yo ap viv la. Pou rezon sa, n'ap bay kèk direktiv pou nou ka ede yo.

I. Granmoun Aje Yo Pa Bebe Grandi

Nan chan imòtèl lanmou nan 1 Korentyen 13 la, Apot Pòl deklare ke lè yon moun timoun li panse, pale epi aji tankou timoun; Men lè ou vin yon nonm tout bon, ou kite dèyè tout bagay ki sanble ak timoun yo, Yon lòt kote, Senyè Jezi deklare ak anpil aksan ke si yon moun pa mete l tankou yon timoun li pap ka antre nan wayom syèl la.

Lide ki degaje nan ka sa se kenbe yon ekilib, atenn matirite ke eksperyans pa ka bay ak ane ou viv yo avèk tout bèl kalite nou jwenn nan timoun. Lafwa, senterite, se aspè natirèl lakay yon ti moun ki gen anpil valè ke nou dwe konsève pou tout rès lavi nou.

II. Yo tout pa menm jan

Ni Gason, ni fanm pa egal. Chak moun genyen pwòp karakteristik yo ki diferansye yo de yon lòt. Ann fè yon koudèy nan deskripsyon sa a, epi na dekouvri gran diferans ke nou ka fè nan kèk aspè.

- Sila yo ki gen kè kontan epi ki byen adapte yo. Yo jwenn volonte Bondye nan lavi yo. Yo se egzanp de benediksyon ke Kris pwomèt ak tout moun k'ap swiv ansèyman li yo epi ki rete nan pawòl la.
- Sila yo k'ap viv nan maj la, sa vle di, yo ap viv antre de ant ideyal Sentespri a ak egzijans mond lan. Anpil fwa yo zele epi kèk fwa yo frèt nan devosyon kretyèn yo, yo plis relijye pou yo ka ere nan mond lan epi yo plis monden pase pou yo sanble ak Kris.
- Sila yo ki ap itilize talan yo pou Kris, san panse ak tèt yo, men kòman pou yo sèvi lòt yo.
- Sila yo ki fret, endiferan, fristre epi fèmèn nan lespri yo. Se gason ak fanm ki te pèdi, nan kèk tan nan lit kont tantasyon. Nan lavi yo Kris, legliz, labib, lapriyè ak akonpayman kretyèn pèdi valè epi pèdi tout signifikasyon ak pouvwa.

- Sila yo ki malad, kè brize, aflije pa leprèv ak lafliksyon. Yo pèdi chemen pwogrè yo nan mach pou akonpli rèv yo. Mond la inyore osinon pa bay twòp atansyon ak yo. Se fanm ak gason ki fatige epi ki tou reyalize ke anyen pa gen enpòtans epi yo doute ke renmen Kris la ak povizyon Bondye egziste pou yo.
- Sila yo ki genyen inisyativ, kwè nan tèt yo. Yo renmen pran direksyon nan tout bagay epi resevwa avèk jwa responsablite.
- Sila yo ki timid, kap woule de bò. Se sa yo ki evade tout atansyon ak responsablite. Gen kèk ki konsa pa rapò ak pwoblèm abilite ke yo fèt avè li, gen lòt menm se paske yo vilnerab pa rapò ak pwoblèm sa, epi yo mete kò yo sou kote devan tout travay yo ta ba yo fè.
- Sila yo ki dekonekte ak bib la ak règleman relijye yo. Yo endiferan ak tout tèm esprityèl.
- Sila yo ki gen reta mantal. Moun ke mantal yo pa devlope entelijans yo, e ke nou pa ka espere pyès matirite osinon yon kondwit nòmal de moun sa.
- Sila yo ki se rebèl moral ak esprityèl. Yo te rejte apèl Kris la, epi lage kò yo nan peche ak enkredilite.

III. Yo Pa Twò Granmoun Pou Aprann

Youn nan bagay ki distenge lòm ki fè li pi avanse ke bèt se kapasite li gen pou li aprann. Kapasite sa li genyen depi lè li fenk fèt, aleksepsyon kèk pwoblèm, maladi oswa aksidan, ki ka rive li epi kontinye nan vi li jiska vyeyès li.

Se verite ke sa ou aprann nan timoun rete pou tout lavi. Memwa timoun yo siperyè pa rapò ak memwa granmoun yo men memwa imedya granmoun yo deja siperyè ke pa timoun nan.

Kòm yo toujou di “apran se dekouvri pou w afwonte nouvel sitiyasyon ki orijinal an yo menm pou benefisye pa mwayen eksperyans, devlopman mwayen ki pi bon yo pou panse epi kondi tèt nou”, granmoun yo gen pi bon sans pou ka fè rezonman, matirite ki gen baz a pati de eksperyans epi ak teknik ki pi apwopriye pou devlope objektif aprantisaj la.

Anpil granmoun fèmen lespri yo pou nouvo ide, yo plis bay yo ak ansyen koutim e ki fè ke kapasite aprantisaj yo difisil, se menm jan an tou pou yon moun ki pa fè egzèsis ak manm li yo. Aprantisaj pa aksyon mekanik, otomatik men ki mande efò.

Youn nan pi gwo sèvis ke legliz la kapab reyalize, se kenbe granmoun aje yo, menm jan ak timoun yo ak jèn yo, nan aprantisay, konsiy ak yon lespri ouvè pandan tout vi a.

IV. Yo Pa Pèdi Nèt Posiblite Pou Yo Chanje

Kisa k'ap rive ak yon ajil ke yo fin bay fòm, epi apre sa yo abandone li. L'ap vin di ! Men nati lòm nan li esansyèlman kapab modifiye oswa chanje. Depi menm moman yon kreyati pran nesans, yon gwo ak yon kontinyèl pwosesis chanjman kòmanse. Pwosesis sa a kontinye jiska lanmò, ki se lè ou genyen pi gran efè nan mitan tout chanjman sa yo.

Objektif lavi a se pa flote. Verite ke nou wè nan mo « konvèsyon » an enplike yon chanjman fondamantal nan fon kè nou, e mo “repantans” la nan Nouvo Kontra a li vle di « yon chanjman lespri ki pran plas pa yon sèl fwa, men plizye fwa ». Konsa atravè vi kretyen nou chanjman se yon bagay ki dwe fèt toutan.

Objektif kretyen an se grandi nan gras ak konesans, e konesans la ap pote nesèsèman yon chanjman. Youn nan fonksyon ki pi wo yon kretyen genyen se estimile epi gide moun nan kwasans (chanjman) jiskaske yo rive menm jan ak Jezikri.

V. Yo Pat Fè Tèt Di Ak Sa Kris Mande Yo

Istwa ki nan bib la moutre nou ke gran evanjelis yo te pati pou ale chache epi jwenn tout moun ki pèdi a tout laj, e yo pat janm dekouraje ak moun ki te pi granmoun yo e ak pechè ki te pi andisi yo.

Estrateji legliz ak ekstansyon wayòm nan se bay gason kou fanm kapasite pou travay epi okipe yon plas pou bay sèvis toutan. Granmoun aje yo pa dwe pran retrèt nan sèvis kretyen an.

Òganizasyon Vî Ranplî A

- DIREKTÈ LOKAL

Moun ki responsab pou pote chaj sa a kapab yon granmoun aje oswa youn ki pa aje, men li dwe you moun ki pasyan epi ki gen renmen ak yon fwa ki vivan. Direktè lokal la pa dwe sèvi poukont li, men okontrè li dwe chache moun pou akonpanye li nan ministè sa a.

Responsablite li yo se:

- Sèvi epi responsab devan konsèy Ministeryèl nan mitan adil yo MED.
- Prezante epi enfòmè, pwojè yo a Konsèy nan mitan adil yo MED.
- Chache mwayen pou w ka jwenn fon oswa èd pou granmoun aje yo ki nan nesesite osinon pou kèk aktivite ke yo vle reyalize.
- Obsève epi detèmine tout nesesite lokal tout granmoun aje yo nan legliz ou a oswa nan kominote a, atravè etid yo osinon èd nan sèvis sosyal lokalite a.
- Founi a granmoun aje nan legliz la yon anbyans kote ke yo santi yo aksepte yo.
- Idantifye granmoun aje yo ki nan legliz la epi bay yo yon atansyon espiyèl.
- Kontinye chache enfòmasyon sou granmoun aje yo ki asiste sèvis nan legliz la e pou kèk rezon diferan yo pa ka vini Jodi a pou asiste sèvis la epi fè yon plan de vizit pou yo.
- Fè etid bibliik pou yo.
- Fè yon plan transpò pou sila yo ki dwe rive legliz la nan dimanch maten epi pou kèk lòt sèvis espesyal.
- Fè plan tou pou yo ka asiste nan kèk evènman distri a genyen epi kèk lòt kote ke yo kapab fè atelye pou pale de kòman viv nan etap sa nan vi a epi privilèj yo genyen pou fè pati gwoup sa.
- Fè yon plan pou enkli ansyen nan kominote a pou ke yo kapab resevwa asistans materyèl ak espiyèl.
- Ede yo pou yo prezève yon endepandans.
- Motive yo pou ke pandan y'ap vye granmoun pou itilize tout kapasite fizik ak mantal yo.

Kòmanse Ministè A

Pran veyès la paske li pa vini poukont li.

Platon

Vyeyès se yon onè ; cheve blanch se tankou yon kouwòn.

Bib la

FÈ YON BAGAY POU YON GRANMOUN!

“Men nan travay la.”

Neemi 2:18b

Poze kesyon sa yo anvan ou kòmanse travay ou a epi yon fwa ke ou asire ke ou pataje kesyon sa yo ak moun ki vle enplike li nan travay la.

1. An reyalite eske mwen yon gwo dezi pou mwen fè yon bagay pou yon Granmoun aje?
2. Poukisa mwen vle travay ak granmoun aje sa yo?
3. Eske mwen santi ke se yon ministè ki bezwen mwen?
4. Eske se yon ministè ki enpòtan epi eske li nan plan Bondye?
5. Eske mwen ka fè ladiferans nan legliz mwen an avèk ministè sa a ki rive jwenn ansyen yo?
6. Akonpli ministè sa a eske li fè pati gran komisyon an?
7. Aprè ou fin gen tout planifikasyon epi w santi w sou emosyon nan sa ou pral fè a, poze tèt ou kesyon sa a: Eske mwen reyèlman depann de direksyon Bondye?
8. Sou ki sa ou konte pou ou kòmanse kominike objektif ou yo?
9. Kòman mwen pral evalye si mwen jwenn rezilta nan objektif mwen yo?

Aprè ou fin reflechi sou kesyon sila yo, si ou dispoze pou kontinye pou pi devan ou gen pou wè avèk endikatè sa yo:

1. Direktè Ministè nan mitan twazyèm laj la ki nome pa Ministè nan mitan Adil yo e apwouve pa Konsèy MED ak Konsèy legliz lokal la.
2. Sa se yon ministè nouvo nan legliz lokal la, ou bezwen konnen byen gwoup moun sa yo ou pral sèvi a. Pou sa fèt, pran an konsiderasyon sijesyon sa yo anvan ou kòmanse :

- a) Fè yon lis granmoun aje ki vin legliz la epi fè yon lis granmoun ki pa vin legliz men ki gen non yo nan lis manm legliz la.
- b) Envite lòt manm legliz la pou rejwenn ou nan ministè sa.
- c) Envite granmoun aje yo pou patisipe nan yon reyinyon kote ke w'ap poze yo kesyon sou kisa yo gen bezwen epi ki bagay yo ta renmen fè.
- d) Vizite sila yo ki rete lakay yo epi motive yo bay non fanmi yo ak zanmi ki ap viv nan alantou yo pou envite yo nan reyinyon yo.
- e) Fè yon dosye pou tout granmoun aje yo, ki gen ladan li dat yo fèt, eta matrimonyal yo, si yo se manm legliz, si yo konvèti, chan yo pi renmen, sòm osinon vèsè nan bib la yo pi renmen, koulè yo pi renmen, manje yo pi renmen, eta sante yo ak kisa yo fè pou yo viv.
- f) Pran nòt si yo ap viv pou kont yo, si gen kèk moun ki mennen yo legliz, kay doktè oswa nan mache.
- g) Pran yon ti tan pou eksplike ak moun ki pa konvèti yo ki kalite benefis ki genyen lè yo fè pati gwoup VI RANPLI A. Kite Bondye fè travay li nan sa ki gen rapò ak Sali a, epi ou menm rete konekte ak vwa Sentespri a.
- h) Mande Bondye direksyon pou ou kapab disènen kèlkeswa nesesite ki genyen nan mitan moun ki nan gwoup la e espesyalman sila yo ki pa ale legliz.
- i) Fè orè chak jou. Li liv tankou: Yon vi ranpli, Viv avèk vigè, Liv sentete ak magazin ki pale sou lavi ansyen yo. Obsève ansyen yo nan legliz la, kominote a oswa vil la, epi gade kijan ou kapab ede pou yo amelyore.

3. Yon fwa ke ou fin idantifye gwoup ou pral fè ministè ak li a, ou pral gen pou pataje sa ak Direktè Adil la osinon sirentandan MED la, (Si ou pa jwenn Direktè Adil la) epi Pastè lokal la.

- a) Envite moun ki pral ede ou yo nan ministè sa a, kèk moun anplis nan JNI ak ministè Konpasyon ki ta kapab enterese pou tande enfòmasyon epi konnen nesesite gwoup la genyen. Ankouraje yo pou yo fè pati Vi Ranpli a.
- b) Livre yon kopi rapò bay prezantatè yo epi mande pou yo priye pou moun sa yo.
- c) Bay yon ti tan pou yo fè kòmantè epi mande yo opinyon yo.
- d) Poze yo kesyon si yo ta vle fè pati ministè sa a.
- e) Mande pastè a yon tan pou ou anonse ministè ak legliz la.

Tí Kanè Oswa Tí Kaye Nòt

Li enpòtan anpil pou ou kenbe yon journal osinon yon achiv kote ke ou kapab ekri nenpòt ide ki bay osinon ke moun yo genyen pou devlope avèk siksè ministè sa a, epi konsa ou va genyen yon biyografi de chak moun endistenkteman.

Pou kontinye n'ap rankontre kèk rezon pou nou itilize livrè osinon journal:

1. Pou ekri non moun ki panse vini anseye, mete dat ou te kontakte yo a, epi kèk detay enpòtan sou yo chak, tankou: Ki chan li pi renmen, manje li pi renmen, elatriye.
2. Kontakte moun ki gen ide sou fason pou kolabore avèk granmoun aje yo epi ekri non yo ak nimewo telefòn yo pou lapab kominike avèk yo.
3. Ekri tout ide ki vini nan lespri ou menm si ou pa ka reyalize tout.
4. Ekri tout detay sou sa ou vle reyalize a.
5. Ekri kèk bagay pèsònèl, sou kòman ou santi ou nan nouvo ministè a.
6. Ekri pasaj nan bib la ke Bondye ba ou pou ou kòmanse ministè sa a.
7. Ekri non moun yo ki vle ede ou kòmanse ministè sa a.
8. Ekri non moun ki pi pre chak granmoun yo, konsa ou va kominike ak yo nan ka gen ijans oswa pou nenpòt lòt enfòmasyon ke li bezwen.

Evalyasyon

Evalye chak reyinyon ki fèt, swa ki fèt nan legliz la osino nan yon fwaye, poze kesyon sa yo:

- a) Eske mwen te gen objektif pou reyinyon an?
- b) Eske mwen te kenbe atansyon asistans lan?
- c) Eske yo te wè li enteresan pou yo tounen nan pwochèn reyinyon an?
- d) Eske mwen te jwenn èd nan men moun ki te ofri èd yo a?
- e) Eske se te yon reyinyon sosyal oswa esprityèl?
- f) Eske ou te rive dekouvri bezwen moun yo nan asistans la?
- g) Eske ou te jwenn libète pou w te eksprime ou pandan reyinyon an?
- h) Eske mwen santi mwen satisfè ke mwen te fè travay sa nan moman sa?

Ou kapab tou mande yon evalyasyon ak patisipan yo apre kèk reyinyon. Poze yo kesyon sa yo:

- a) Eske mwen santi mwen renmen gwoup la?
- b) Eske mwen renmen dinamik ke yo itilize?
- c) Ki bagay ki chanje?

Si moun yo ki te asiste a pa kapab oswa gen difikilte pou ekri, fè yon evalyasyon nan bouch tankou lapli ide ki ap jayi. Si ou fè li konsa, kite yo eksprime yo epi pa bay opinyon pou ou pa ofanse yo. Rete konpreyansif, sonje ke evalyasyon an fèt pou avansman ministè a.

Kèk Rèkòmandasyon

Travay ak gramoun pa yon bagay ki fasil, epi pou w kontinye, ou bezwen prepare w pou ou pa kontan nan tout reyinyon yo, santi w fatige epi kèk fwa menm ou ka santi w fristre. Pa dekkouraje !

Se pou rezon sa a li enpòtan pou ou chache moun pou ou pataje ministè avèk li.

Ou pa bezwen pè pou ou fè pwogram diferan avèk yo epi mete nouvo ide yo anplas pou travay pou pwochèn reyinyon an. Nan inite ak kolaboratè ou yo priye Bondye pou ke chak reyinyon kapab genyen yon objektif espesifik.

Fè atansyon ak chanjman sa a, fè atann yo ak chanjman kontinyèl yo, sonje ke yo se granmoun epi anpil fwa yo prefere woutin nan.

Pa janm anile yon reyinyon paske pa gen anpil moun. Fè reyinyon kanmenm menm si ta genyen yon sèl moun.

Pa atann ke se tout moun ki envite yo ki ap vini asiste reyinyon an. Sonje ke granmoun yo chanje san rete nan sa y'ap panse oswa yo malad pi fasil.

Planifye reyinyon yo ak aktivite yo yon mannyè ki koresponn ak bezwen yo epi enterè moun ki nan laj sa a

Si reyinyon yo ap fèt nan kay chwazi kay ak prekosyon. Petèt nan kèk ka kay sa dwe pi apwopriye pou ke tout moun yo kapab antre ladan l oswa yon kay ki fasil pou ale oswa kay moun ki gen plis laj la oswa ki gen plis difikilte pou deplase. Oswa li pwobab pou yo ale nan yon kay diferan chak senmenn.

Planifikasyon Yon Reyinyon Pou Granmoun Aje Yo

1. Bay transpò oswa moun ki pou akonpanye moun ki bezwen èd pou deplase yo.
2. Prepare pwogram nan san ou pa bliye mande Bondye direksyon.
3. Prepare kote ou pral reyalize reyinyon an.
4. Chache èd nan men Pastè ou a ak Direktè Adil yo.
5. Envite chak moun endistenkteman.
6. Planifye yon tan ki pa plis pase inèdtan pou reyinyon an.
7. Prepare yon ti goute tou senp.
8. Planifye reyinyon an pou yon gwoup miks (pou gen fanm ak gason ladan l', kretyen ak moun ki pa kretyen).
9. Prepare anbyans la ak yon aktivite ki pou motive yo pou chase pè lakay yo.
10. Prepare yon badj ak non yo an gran lèt ki vizib.
11. Envite moun ki pa kretyen. Pa chache evanjelize yo nan premye reyinyon yo, granmoun yo pentad anpil nan zafè chanjman epi sitou sou kesyon relijyon.
12. Penmèt yo gen yon tan pou yo eksprime yo.
13. Se pou w genyen sansiblite pou nenpòt nesesite ki prezante
14. Toujou pare pou tande, tande epi tande.

Sijasyon Pratik

Lè w'ap anonse reyinyon w lan mete yon lè egzat pou reyini, epi ki apwopriye. Granmoun sa yo egzijan anpil sou kesyon orè yo.

- a) Salitasyon (asire w ke tout moun salye youn lòt)
- b) Yon ti tan pou louwanj. Yo kapab chante de koupèlè oswa yon kè chan. Se pou chan yo kopye an gran lèt epi chache chante ke moun nan gwoup la renmen chante.
- c) Li yon pasaj kout nan bib la ki bay yon ansèyman pou kont li pandan yo ap fè lekti a.
- d) Reyalize aplikasyon ke pawòl la ba yo opòtinite pou yo entèraji.
- e) Priye pou tout rekèt ke yo prezante, (Ou dwe byen prezante pou ou mansyone tout rekèt yo).
- f) Ou kapab fini reyinyon an ak louwanj.
- g) Priye pou fini.
- h) Moman pou ti goute a epi pou yo pataje.
- i) Orevwa, epi na wè pwochèn fwa.

Aktivite Posib Pou Reyalize

ESPIRITYÈL

- * Etid bibliik sou sijè ki enteresan.
- * Lekti nan bib la lakay granmoun yo.
- * Retrèt espiyèl pandan yon sèl jou.
- * Pwovizyon pou Sent Sèn pandan premye semenn nan mwa epi pou Semenn sent lan, a sila yo ki pa kapab asiste legliz la.
- * Moman melodi (Chante ak yo chante yo pi renmen yo) .
- * Chache mannyè pou yo li osinon tande pawòl la, si yo pa ka li ou ka ba yo kasèt ki gen bib la epi ba yo radyo si yo pa genyen. Itilize imajinasyon ou pou ede yo nan sa yo bezwen èd.

- * Si yo ap viv lwen epi yo pa ka patisipe nan ankenn aktivite li t'ap bon pou w ta prepare pou yo kèk ti devosyon chak senmenn oswa chak kenz jou pou w kapab kenbe yo an kontak avèk legliz kote yo se manm nan.
- * Pataje etid bibliik yo nan mitan ansyen yo nan legliz la epi ak moun nan kominote a.
- * Montre yo fason pou yo envite lòt ansyen pou fòme yon gwoup kote yo kapab pataje.
- * Entegre yo pou yo fè disip.
- * Rive sou lòt ansyen yo pa mwayen estrateji diferan tankou fim Jezi, kanpay pou granmoun aje yo, Retrèt, elatriye.

EMOSYONÈL

- * Vizite yo lè yo malad.
- * Pale ak yo avèk respè.
- * Ede yo pou yo santi yo satisfè paske y'ap viv anpil tan.
- * Fè deba sou tèm tankou solitud, atitud yo, doulè, lapèrèz, lanmò epi fanmi.
- * Vizite yo tanzantan sitou si yo malad.
- * Toujou annatant pou ou la nan okazyon espesyal yo epi pou ba yo kèk bagay espesyal ke yo renmen.
- * Chita pale sou chagren.

MANTAL

- * Pale ak yo sou benediksyon ki gen nan retrèt ak benefis li.
- * Estimile yo pou panse li epi etidye.
- * Apwofondi nan diskisyon yo.
- * Itilize metòd dinamik yo ki egzije yo yon degre nan patisipasyon yo.
- * Trete ak yo sijè tankou benediksyon lè yo wè pitit yo fòme yon fwaye. Konprann ke echèk timoun yo se pa fot papa yo.
- * Ede yo pou yo itilize konesans yo nan aktivite lekòl dominikal oswa nan kèk ti chita pale ak Jèn yo, sa fè yo santi ke yo pa pèdi memwa yo.
- * Ankouraje yo pou yo itilize eksperyans yo nan zafè fwaye (Resèt yo pi renmen, Koud, ranje kay nan yon fwaye) sa depann ki konesans ke yo genyen.
- * Moman dakonpayman pa mwayen sa y'ap eksprime lapèrèz yo epi pou ou ofri yo yon men zanmitay nan lavi y'ap viv chak jou a.

SOSYAL

- * Selebre anivèsè yo.
- * Mennen yo nan ti pwomnad oswa kèk jou kan.
- * Reyalize yon reyinyon Nwèl ak sila yo ki pa gen fanmi oswa fè kèk fanmi nan legliz la envite yo pou pase nwèl la avèk yo.
- * Mennen yo nan aktivite espesyal nan legliz la.
- * Achte jounal pou yo.
- * Envite yo pou yo manje de tanzantan.
- * Itilize kreyativite ou pou ou motive yo pou yo antre nan aktivite sosyal yo dapre jan bagay yo ye nan miliye kote yo ap viv la.
- * Ede yo pou yo fè testaman (si yo pa genyen) a mwen ke yo pa ta gen anpil byen.
- * Akonpanye yo lè yo ta vle fè yon vizit a kèk fanmi oubyen zanmi.
- * Fè yon ti pwomnad nan machin ak yo tanzantan.
- * Ansenye yo itilize òdinatè pou fè zanmi. Yo kapab fè yon gwoup retirete an rezo oswa adil aje an rezo oswa Vi Ranpli an rezo.

FIZIK

- * Ede yo pou yo kenbe sante fizik yo epi motive fanmi yo pou yo okipe yo, oswa chache èd, Mennen yo lopital osinon nan klinik, oswa sèlman ede yo pran medikaman yo.
- * Ankouraje yo pou yo mache de mèt pa jou epi ya ogmante distans la tikras pa tikras.
- * Montre yo fè egzèsis ki senp.
- * Motive yo pou yo manje manje ki nitritif chak jou.
- * Chache èd pou ou ka bay linèt ak sila yo ki bezwen linèt.
- * Chache èd pou yo ka kenbe dan yo an bòn santé.
- * Ankouraje yo pou ke yo toujou okipe nan aktivite.
- * Ke yo aprann detann yo.
- * Fè seminè osinon atelye kote yo ap ansenye yo pou fè egzèsis ant fwaye yo epi kòman pou itilize resèt sou aliman ke yo konnen pou benefis sante yo.

SÈVIS VOLONTÈ

- * Envite yo pou ede lòt moun ki gen plis laj nan legliz la oswa vwazen yo.
- * Motive yo pou yo pataje manje yo pi renmen yo avèk kèk moun ki pa konnen Jezikris.
- * Motive yo pou ke yo ini yo an ekip de travay pou lekòl bibliik vakans, Nan preparasyon pou ti goute, pou asire ke materyèl yo byen prepare oswa ede nan koupe materyèl ki ap itilize nan klas la.
- * Motive yo pou mete eksperyans yo ak lòt moun.
- * Envite yo pou yo ede nan lekòl dominikal.
- * Motive yo pou yo itilize don yo nan sèvis Senyè a.
- * Itilize bon sans kreyativite ou pou ou dekouvri nan kisa yo kapab itil epi ba yo opòtinite pou yo fè l.
- * Fè yo santi ke yo se « grann ak gran papa » nan sal gadri legliz la.
- * Bay yo ide pou yo rankontre kote ke yo ka itilize talan yo ak konesans yo nan lavi kreyen nan.
- * Motive yo pou yo itilize kapasite yo pou yo ede nan lòt aktivite ki bezwen èd, kapab nan legliz la, nan katye a oswa fanmi.
- * Motive yo si ke yo an bon sante pou yo pran swen timoun ki nan laj pou lekòl e ke paran yo sèl osinon yo gen lòt angajman.
- * Gide yo pou chache èd pou sila yo ki nan nesosite. Èd sa kapab se manje, medikaman, Rad, elatriye.

Apendis

Kesyoné

Kesyonè sa a genyen kòm objektif pou konnen ou pi byen epi konnen tou kisa ki enterè ou. Mèsi paske ou pran tan pou ou ranpli li.

Non: _____

Adrès: _____

Telefòn: _____

Eta Sivil: selibatè ____ marye ____ separe ____ divòse ____ vèv ____

Ekri jou ak Lè ke ou tap pi renmen nou reyini: _____

Etabli priyorite bezwen ou yo, sa yo ou konsidere ki kapab jwenn satisfaksyon atravè ministè Adil aje a: (Endike ak yon X)

____ Akonpayman

____ Etid bibliik ak lapriyè

____ Opòtinite pou jwenn sèvis

____ Simonte

Mwen ta renmen patisipe nan tavya nan domèn sa yo: (Endike ak yon X)

____ Klas pou moun aprann metye

____ Etid Bibliik chak kenzèn osinon chak mwa

____ Ouvè pòt lakay mwen pou etid bibliik jou sa yo _____

____ Kafe –etid bibliik chak mwa

____ Pwojè sèvis nan legliz la ak nan kominote a

____ Akonpayman : Chak kenz jou, chak mwa, chak de mwa, elatriye.

* Itilize yon fèy blan si ou ta dezire eksplike pi byen kèk pwèn.

Fich Dat Yo

Non: _____

Anivèsè: _____

Non mari: _____

Nimewo telefòn nan ka ijans: _____

Kisa ou renmen fè nan tan lib ou yo? _____

Ki koulè ou pi renmen? _____

Ki manje ou pi renmen? _____

Eske ou gen yon bi priyè pou tèt ou oswa pou fanmi ou?

Chak peryòd, ou dwe pran yon tan pou ou fè evalyasyon aktivite yo. Evalyasyon an dwe fèt yon fason san non epi senp, yon mannyè pou li pa pran plis ke 5 minit, si se pa sa l'ap difisil ke moun yo reponn. Ou kapab itilize kat evalyasyon ke nou prezante anba a, oswa ou fè pwòp pa ou. Evalyasyon an pral ede w pou amelyorasyon ministè a. Sa pral penmèt ke ou konnen ki bagay ke yo renmen ak sa yo pa renmen, kòman tou sijè yo ede yo nan lavi pèsònèl yo. Evalyasyon an se yon enstriman ki itil anpil pou planifikasyon reyinyon ki pral fèt alavni yo ak evènman yo.
